



Pou Piblikasyon Imedya: 06/02/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE MODIFIKASYON 30 JOU BIDJÈ A POU ENTÈDI VANT MARIGWANA SENTETIK ATRAVÈ ETA NEW YORK LA**

***Lejislasyon an pral Ajoute 36 Diferan Konpozisyon Chimik nan Lis Sibstans Reglemantè Eta a***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse modifikasyon 30 jou Bidjè a pral vanse pou ajoute 36 konpozisyon nan lis sibstans reglemante eta a. 36 konpoze yo, yo konn rele K2 yo, te deja nan lis sibstans reglemante federal la men yon sèlman entèdi yo nan kèk konte nan Eta New York. Aksyon sa a pral asire manifakti ak vandè nan tout konte New York yo nèt sibi menm sanksyon kriminel yo.

“Pandan fabrikan pwazon sa yo kontinye evolye epi jwenn nouvo fason pou yo twonpe epi kontoune lalwa, lwa New York yo dwe kontinye swiv rit la”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Avèk mezi sa a, nou pral kontinye idantifye epi pran mezi represif kont konpoze danjre k ap parèt nan kominote nou yo, epi bay fòs lapolis yo zouti yo bezwen pou yo mete fen a menas sante piblik sa a.”

Yo souvan komèsyalize ak vann marigwana sentetik la nan pakè kolore, joyval ki gen non lari tankou K2, Spice, ak AK-47. Pakè sa yo gen materyèl plant lan yo kouvri ak pwodwi chimik, yo sipoze ki imite efè marigwana yo kiltive natirèl la, k ap rann yo ekstrèman enprevizib ak danjre. An Jiyè 2016, yo te jwenn anpil douzèn rezidan nan Brooklyn ki t ap tribiche nan lari yo paske yo konsome yon bon valè pwodwi ki te pwisan anpil, ki te lakoz 33 moun etène lopital. Ensidan sa a ak lòt tankou l yo te montre gen yon gran bezwen pou nou pran mezi agresiv pou nou asire nou pwoteje Nouyòkè yo kont konpozisyon chimik ilegal danjre sa yo.

Anba lwa aktyèl yo, nan plizyè konte atravè eta a, pwopriyetè yon etablisman, ansanm ak nenpòt lòt moun ki posede, distribiye, vann, oubyen ofri pou vann marigwana sentetik ki entèdi, pral peye yon amand ki ka rive jiska 500 dola ak/oubyen pase jiska 15 jou nan prizon. Sanksyon sivil yo ka pote amand jiska 2,000 dola pou chak vyolasyon. Aktyèlman sanksyon yo pa inifòm epi yo ap pèmèt menas sante piblik sa kontinye.

Modifikasyon bidjè sa ap ajoute sou efò agresiv New York ap fè pou pran mezi represif kont vant ilegal K2. Gouvènè a te premye agrandi [lis dwòg ak pwodwi chimik entèdi yo](#) an 2012 pou l vin gen anpil douzèn sibstans an plis yo itilize pou fè dwòg sentetik. An 2015, Gouvènè a te ajoute de klas konpoze adisyonèl nan lis sibstans yo entèdi a, epi

Konsil Sante Piblik ak Planifikasyon Sante a (Public Health and Health Planning Council) te apwouve l a linanimite. An Jiyè 2016 la, New York te ogmante efò fòs lapolis yo ap fè atravè tout eta a pou asire biznis yo respekte tout lwa ki aplikab yo, ki gen ladan règleman ijans 2012 yo ki entèdi fabrikasyon, vant ak distribisyon marigwana sentetik la. Gouvènè a te bay Biwo Represyon Nakotik (Bureau of Narcotic Enforcement) Depatman Sante a (Department of Health), Otorite Alkòl Eta a (State Liquor Authority) ak Komisyon Jwèt Eta New York la (New York State Gaming Commission) lòd pou yo revoke lisans alkòl ak lotri magazen yo jwenn k ap mele nan K2 ilegalman.

Depi lè Gouvènè a te anonse mezi represiv an 2016, Lapolis Eta te fè 13 arestasyon, sezi plis pase 1,100 pakè marigwana sentetik, ak yon bal twa liv yo te sezi.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)